

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa bagian penting dina runtusan panalungtikan jeung mangrupa tarékah pikeun ngahontal udagan panalungtikan. Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif nu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun masalah nu karandapan. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Nu dimaksud métode déskriptif nyaéta uraian sistematis ngeunaan tiori jeung hasil-hasil anu relévan saluyu jeung variabel anu ditalungtik (Sugiyono, 2017, kc.58).


Sakumaha ditté lakeun ku Arikunto (2013, kc 3) yén métode déskriptif nyaéta panalungtikan anu dimaksud pikeun maluruh kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjén nu geus disebutkeun, anu hasilna didadarkeun dina wangun laporan panalungtikan.

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis struktur carita jeung ajén kaagamaan nu aya dina carpon, kalawan maké ulikan strukturalisme.

3.1 Desain Panalungtikan

Saméméh nalungtik, panalungtik nyusun rarancang heula, anu satulunya disebut désain panalungtikan. Sangkan leuwih babari dina ngalaksanakeun panalungtikan, diperlukeun désain panalungtikan anu puguh jeung ngéntép seureuh. Nurutkeun Arikunto (2013, kc 90), désain (*design*) panalungtikan nyaéta rarancang nu dijieun ku panalungtik, salaku kagiatan nu bakal dilaksanakeun. Désain dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti nangtukeun masalah, ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data, ngolah data hasil panalungtikan ku cara nganalisis data dumasar kana pamarekan nu digunakeun, sarta nu pamungkas nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif, désain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyoko kana galur saperti bagan 3.1.



3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan


3.2.1 Data

Nurutkeun Arikunto (dina Mamik, 2015, kc. 72), anu dimaksud data nyaéta fakta atawa angka anu bisa digunakeun pikeun nyusun informasi. Data dina ieu panalungtikan nyaéta analisis stuktur carita jeung ajén kaagamaan dina kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan.

3.2.2 Sumber Data

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* Karya Yous Hamdan wedalan PT Dunia Pustaka Jaya (Bandung) dina taun 2011. Alesan dipilihna ieu sumber data buku kumpulan carpon kungsi dilélérl hadiah Sastra Rancagé dina taun 2006.

Idéntitas buku kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* Karya Yous Hamdan saperti ieu di handap.



Gambar 3.1
Gambar Sampul Buku

Judul Buku : Geus Surup Bulan Purnama

- Pangarang : Yous Hamdan
 Pamedal : PT Dunia Pustaka Jaya, Bandung
 Taun Medal : Citakan kadua/Agustus 2011
 Jumlah kaca : 106 kaca
 Ukuran buku : 15 cm x 21 cm

3.2.2.1 Ringkesan Buku

Dina buku kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* aya 12 carpon dijerona. Judul-judul carponya aya di handap tabé尔 3.1.

Tabel 3. 1

Judul Kumpulan Carita Pondok

No.	Judul Carita Pondok
1	Geus Surup Bulan Purnama
2	Aya Layung di Sukawening
3	Juragan Mantri
4	Bedug
5	Culik
6	Abah
7	Lir Bumi jeung Langit
8	Modin
9	Simpé di Makam
10	Rangkay Madrasah
11	Dilingkung Nyiruan Tugur
12	Pileuleuyan Tangkal Cangkring

Ringkesan Buku *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan téh kieu.

Geus Surup Bulan Purnama nyaritakeun suasana nalika Rosul pupus: alum nguyungna para sahabat jeung reueuk ceudeumna langit Madinah harita. Waktu maca carpon ieu, pikiran jeung rarasaan urang bakal dibawa ka hiji mangsa, ka hiji tempat, nu kahalangan ku anggang waktu rébuan taun. Implengan urang bakal anjog ka dinya, ka hiji tempat: bumi Rosululloh. Urang asa ningali layon Rosul nu ngalungsar, alumna para sahabat juuhna cimata, sareng Bilal nu nyuuh, kalebuh dina kasedihan jeung kapeurih batinna.

3.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Sugiyono (2017,kc.224-225), nétélakeun yén ngumpulkeun data bisa dilakukeun ku rupa-rupa *setting*, sumber, jeung cara. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Ieu téhnik mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan anu aya patalina jeung panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta buku carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan.

Dumasar kana pedaran di luhur, aya sababaraha léngkah-léngkah nu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Anapon léngkah-léngkah dina téhnik ngumpulkeun data nya éta:

- a) nangtukeun sumber data dina wangan tinulis nyaéta carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan;
- b) maca sageblengna eusi caritaan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan; jeung
- c) nyirian bagian-bagian anu nuduhkeun struktur carita jeung ajén kaagamaan.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada dikumpulkeun, satulunya panalungtik ngolah data anu geus aya. Téhnik ngolah data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis data. Dina nganalisisna, panalungtik ngagunakeun téhnik analisis data kalayan pamarekan kualitatif. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 278), sacara gurat badag, nganalisis data ngawengku tilu léngkah, nyaéta persiapan, *tabulasi*, sarta nerapkeun data luyu jeung pamarekan panalungtikan. Jadi, dina ieu panalungtikan analisis datana henteu ngagunakeun prosés ngitung sacara matematis atawa statistika salaku alat bantu nganalisisna. Anapon anu dianalisisna nyaéta analisis struktur carita jeung ajén kaagamaan dina carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan. Léngkah-léngkah dina ngalaksanakeunana, nya éta:

- 1) Niténan deui data anu geus dikumpulkeun;
- 2) Nyieun papasingan data;

- 3) Nganalisis data struktural jeung ajén kaagamaan nu aya dina carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan;
- 4) Medar hasil panalungtikan; jeung
- 5) Nyindekkeun hasil analisis data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto Arikunto (2013, kc.203) intstrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas nu digunakeun panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan panalungtik babari jeung bisa nyangking hasil nu hadé, dina harti lenkep jeung sistematis. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tabél jeung kode data. Sakabéh data dina carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan téh disalin kana tabél jeung kartu data sarta idéntitasna.

Dina kartu data aya idéntitas nu mangrupa (1) judul buku, (2) judul carpon, (3) kaca disalinna data, (4) paragraf, jeung (5) kalimah. Upamana waé, (GSBP/GSB/KC/P). Kode carpon keur tiap caritana, ébréh saperti dina tabél di handap.

Tabel 3. 1
Data Judul Carpon

No.	Judul Carpon	Kode Carpon
1	Geus Surup Bulan Purnama	GSBP/GSB/KC/P
2	Aya Layung di Sukawening	GSBP/ALS/KC/P
3	Juragan Mantri	GSBP/JRM/KC/P
4	Bedug	GSBP/BDG/KC/P
5	Culik	GSBP/CLK/KC/P
6	Abah	GSBP/ABH/KC/P
7	Lir Bumi jeung Langit	GSBP/LBL/KC/P
8	Modin	GSBP/MDN/KC/P
9	Simpé di Makam	GSBP/SDM/KC/P/K
10	Rangkay Madrasah	GSBP/RKM/KC/P/K
11	Dilingkung Nyiruan Tugur	GSBP/DNT/KC/P/K
12	Pileuleuyan Tangkal Cangkring	GSBP/PTC/KC/P/K

3.4.1 Instumen Pikeun Ngolah Data

Instumen pikeun ngolah data ngagunakeun kartu data digital. Kartu data digital nu digunakeun saperti kieu di handap.

1) Kartu Analisis Struktur Carita

- a. Téma

Tabel 3. 2
Kartu Analisis Téma

Kartu Analisis Téma	
Kode data:	
Cutatan:	
(Kaca)	

- b. Fakta Carita

Tabel 3. 3
Kartu Analisis Fakta Carita

Kartu Analisis Fakta Carita	
Kode data:	
Cutatan:	
(Kaca)	

- c. Sarana Sastra

Tabel 3. 4
Kartu Analisis Sarana Carita

Kartu Analisis Sarana Sastra	
Kode data:	
Cutatan:	
(Kaca)	

2) Kartu Analisis Ajén Kaagamaan

- a. Ahlak

Tabel 3. 5
Kartu Analisis Ahlak

Kartu Analisis Ahlak	
Kode data:	
Cutatan:	
(Kaca)	

b. Tauhid

Tabel 3. 6

Kartu Analisis Tauhid Tabé1 3.6

Kartu Analisis Tauhid	
Kode data:	
Cutatan:	
(Kaca)	

c. Ibadah

Tabel 3. 7
Kartu Analisis Ibadah

Kartu Analisis Ibadah	
Kode data:	
Cutatan:	
(Kaca)	